

BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Metode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Metode Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan nya éta ngajarkeun nulis jeung maca aksara Sunda ngagunakeun média gambar hurup Kaganga. Ku kituna, métode panalungtikanana ngagunakeun métode kuasi ékspérimental.

Campbell jeung Stanley dina Arikunto (2006: 83) nétélakeun yén sampurna henteuna hiji panalungtikan ditangtukeun ku désain panalungtikan, nu dina ieu panalungtikan kabagi kana dua kelompok. Kelompok kahiji disebut kelompok ékspérimentan anu tacan sampurna atawa bisa disebut kelompok *preexperimental désigen*, sedengkeun kelompok kadua disebut kelompok panalungtikan anu sampurna atawa bisa disebut kelompok *trueeksperimental desigen*. Désain panalungtikan *trueeksperimental* disebut panalungtikan anu sampurna, sabab panalungtik dina ngayakeun panalungtikanna lain mangrupa panalungtikan lain anu saberna. Ku kituna, panalungtikan *trueeksperimental* sok disebut ogé panalungtikan ékspérimentan atawa panalungtikan kuasi ékspérimentan.

Moh. Nazer (2003: 63) nétélakeun yén anu dimaksud métode ékspérimentan nya éta “*melakukan observasi di bawah kondisi buatan (artifical condition) di mana kondisi tersebut dibuat dan diatur oleh si peneliti*”.

Nilik kana pamadegan di luhur bisa katitén yén panalungtikan ngagunakeun métode ékspérимén mangrupa panalungtikan ku cara ngayakeun kelas kontrol dina panalungtikanana.

Dumasar kana pamarekan Arikunto (2006: 85) désain panalungtikan kuasi ékspérимén téh kabagi kana sababaraha rupa désain panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Désain *One shot case study*, mangrupa désain anu kawilang basajan pisan. Tapi, désain *One shot case study* kurang hadé saupama digunakeun dina panalungtikan anu sifatna ilmiah;
- 2) Désain *pre-test and pos-test*, mangrupa désain anu mindeng dipaké dina panalungtikan. Saupama dina panalungtikan digunakeun désain *pre-test and pos-test*, panalungtik kudu dua kali ngayakeun ékspérимén, nya éta ngayakeun ékspérимén pratés jeung postést dina panalungtikanana;
- 3) Désain *Static group comparison*, mangrupa désain anu digunakeun dina panalungtikanana nu geus aya kelompok séjén salaku standar éksternal.

Dina ieu panalungtikan digunakeun métode ékspérимén kalawan désain pretés jeung postés, saperti katitén ieu di handap.

Pola

O ₁	X	O ₂
----------------	---	----------------

Keterangan :

O₁ = Pretés

O₂ = Postés

X = Perlakuan atawa *treatment* anu mangrupa prosés diajar ngagunakeun média gambar huruf Kaganga

(Arikunto, 2006: 85)

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

3.1.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngalaksanakeun panalungtikan kudu aya téhnik ngumpulkeun data anu luyu jeung masalah anu rék ditalungtik. Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina panalungtikan nya éta ngabandingkeun nilai évaluasi siswa nya éta nilai pratés jeung postés. Ari tahap dina ngumpulkeun data dibagi jadi dua bagian, nya éta tahap tatahar jeung tahap uji instrumén di lapangan.

Tahapan tatahar dina ngayakeun panalungtikan diantarana ieu di handap.

- 1) Nyadiakeun alat atawa média anu bakal digunakeun dina panalungtikan, nya éta alat anu digunakeun mangrupa gambar hurup Kaganga anu jumlahna luyu jeung anggota anu jadi sampel dina panalungtikan;
- 2) Nangtukeun pancén keur siswa dina waktu pratés dina prosés panalungtikan. Pancén pratés jeung postés nya éta siswa sina nyalin tulisan nya éta tina aksara Latén disalin kana aksara Sunda;
- 3) Nangtukeun aturan-aturan jeung tata cara dina waktu pratés jeung postés lumangsung;
- 4) Nangtukeun paraméter atawa ukuran penilaian dina ngajén hasil gawé siswa boh dina tulisanana boh macana;
- 5) Nangtukeun lilana waktu pratés jeung postés lumangsung, boh dina waktu évaluasi nulis boh dina évaluasi maca dina panalungtikan;

- 6) Tahapan satulunya dina nyiapkeun bahan sarua jeung tahapan dina waktu pratés dilaksanakeun.

Tahapan dina uji instrumén di lapangan kabagi kana dua bagian diantarana nya éta pretés jeung postés.

a. Pretés

Pratés minangka téss awal dina ngamimitian panalungtikan. Ieu téss dilaksanakeun langsung dina lawungan kahiji. Pratés dilaksanakeun di kelas anu dijadikeun sampel panalungtikan kalawan waktu anu geus ditangtukeun nya éta 2x40 menit (2 jam pangajaran). Prak-prakan pratés nya éta ieu di handap.

- 1) Guru méré pancén ka murid sangkan sangkan nyalin tulisan tina aksara Latén kana aksara Sunda;
- 2) Guru nitah maca saurang-saurang kalawan tulisan anu dibacana maké aksara Sunda;
- 3) Guru ngumpulkeun hasil gawé siswa anu engkéna bakal dipeunteun dumasar kana paraméter-paraméter anu geus ditangtukeun ti anggalna tur hasilna mangrupa data anu bakal dijadikeun panalungtikan.

b. Postés

Postés mangrupa évaluasi ahir dina prosés panalungtikan nu dilaksanakeun di ahir panalungtikan di kelas ékspérimén, waktuna 2 x 40 menit (2 jam pangajaran). Prak-prakkan postés nya éta ieu handap.

- 1) Guru méré nyaho yén dina lawungan ayeuna bakal diayakeun postés;

- 2) Guru ngeuyeuban matéri ngeunaan tata cara nulis jeung maca aksara Sunda kalawan ngagunakeun média gambar hurup Kaganga. Ieu hal dilaksanakeun sangkan siswa leuwih ngarti kana matéri anu geus diajarkeun;
- 3) Guru méré pancén sangkan nyalin tulisan tina aksara Latén disalin kana aksara Sunda;
- 4) Guru nitah maca saurang-saurang kalawan tulisan anu dibacana maké aksara Sunda;
- 5) Guru ngajén siswa anu keur maca tur hasilna mangrupa data anu bakal dijadikeun panalungtikan.

3.1.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa tata cara atawa alat pikeun meunangkeun jawaban tina hipotésis. Ari data anu diolah dina ieu panalungtikan nya éta data hasil évaluasi awal (pratés) jeung data hasil évaluasi ahir (postés) anu dilaksanakeun di kelas anu dijadikeun ékspérimén panalungtikan.

Dina enas-enasna hasil data panalungtikan téh diolah pikeun napsirkeun:

- 1) kamampuh nulis jeung maca aksara Sunda ngagunakeun média gambar hurup Kaganga siswa kelas X;
- 2) Ngaronjat henteuna kamampuh nulis jeung maca aksara Sunda sabada ngagunakeun média gambar huruf Kaganga siswa; jeung

- 3) Bédana antara pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda di awal (prates) jeung pangajaran nulis jeung maca aksara Sunda di ahir (postés).

Ku kituna sangkan panalungtik bisa nafsirkeun hasil panalungtikan aya sawatara hal-hal anu dilakukeun, diantarana nya éta:

a. Ngajén Hasil Tulisan jeung Maca Aksara Sunda

Pikeun nangtukeun jumlah atawa skor nulis jeung maca aksara Sunda digunakeun aturan meunteun saperti anu aya dina tabél 3.2. format tés kamampuh nulis aksara Sunda, jeung tabél 3.3. format tés kamampuh maca aksara Sunda. Dumasar kana éta katangtuan, peunteun siswa tina unggal aspék dijumlahkeun tur dibandingkeun jeung skor idéal kalawan ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$Si = n \times 5$$

Keterangan:

Si = skor idéal

n = tata cara jeung unsur-unsur dina nulis aksara Sunda

5 = skala penilaian

Sabada ngabandingkeun skor awal jeung skor ahir, kgiatan satuluyna nya éta nangtukeun skor ahir. Skor maksimal dina nulis aksara Sunda nya éta 25. Sedengkeun skor maksimal dina maca aksara Sunda nya éta 20. Saterusna skor anu kahontal dirobah jadi skor ahir kalawan ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{Skor anu kahontal}}{\text{Skor idéal}}$$

Siswa dianggap geus mampuh nulis aksara Sunda lamun tulisanana rapih, merhatikeun ukuran dina waktu nulis aksara Sunda, merhatikeun bentuk dina waktu nulis aksara Sunda, jeung siswa luyu dina ngalarapkeun rarangkén dina aksara Sunda, anu hasilna sampurna skor ahirna 50. Jadi, skor ahir siswa anu kurang ti 50 dianggap tacan mampuh.

Siswa dianggap geus mampuh maca kalawan ngalarapkeun aspék-sapék saperti bener dina maca aksara Sunda, bener waktu maca rarangkén dina aksara Sunda, intonasi (lentong, tekanan, jeda, jeung wirahma), jeung lapal dina maca aksara Sunda, anu hasilna sampurna skor ahirna 40. Jadi, skor ahir siswa anu kurang ti 40 dianggap tacan mampuh.

b. Uji Sipat Data

1) Uji Normalitas

Uji normalitas mangrupa tata cara anu diujikeun pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh mibanda distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Ku kituna, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat normal atawa henteu bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (χ^2).

Jadi, saméméh ngagunakeun rumus *chi kuadrat*, aya sawatara léngkah-léngkah anu kudu lakukeun, nya éta ieu di handap.

- Nangtukeun batas kelas interval.
- Ngitung rata-rata jeung standar deviasi kalawan ngagunakeun tabél.

Kelas Interval	x	X^2	f	$f.x$	$f.x^2$
----------------	---	-------	---	-------	---------

Jumlah					

c. Pikeun ngitung rata-rata ngaguakeun rumus

$$M = \frac{\sum fx}{\sum f}$$

d. Pikeun ngitung standar déviasi ngagunakeun rumus

$$SD = \sqrt{\frac{n \sum (fixi^2) - (\sum fixi)^2}{n(n-1)}}$$

e. Nangtukeun batas daerah kalawan ngagunakeun t tabérl z baku.

KI	Batas Nyata	Z-score	Batas Luas daerah	Luas daerah	fh	fo	$\frac{(fo - fh)^2}{fh}$
Jumlah							

(Arikunto, 2006: 289)

f. Nangtukeun *chi kuadrat* kalawan rumus

$$M = \frac{(fo - fh)^2}{fh}$$

(Arikunto, 2006: 290)

- g. Nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan kritéria:

$X_{\text{itung}}^2 < X_{\text{tabel}}^2$ hartina distribusi data normal, tapi upama

$X_{\text{itung}}^2 > X_{\text{tabel}}^2$ hartina distribusi data teu normal

2) Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén henteuna variansi sampel tina populasi anu sarua. Ku kituna, pikeun nangtukeun homogén henteuna variansi aya sawatara tata cara saperti di handap.

- a. Nangtukeun variansi kalawan ngagunakeun rumus

$$s^2 = \frac{n \cdot \sum f x^2 - \sum (fx)^2}{n \cdot (n-1)}$$

- b. Hasil variansi diasupkeun kana distribusi F kalawan ngagunakeun rumus

$$M = \frac{s^2 b}{s^2 k}$$

- c. Nangtukeun derajat kabébasan

$$db = n - 1$$

- d. Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria

$F_{\text{itung}} < F_{\text{tabel}}$ hartina variansi sampel homogén, $S^2 b = S^2 k$

$F_{\text{itung}} > F_{\text{tabel}}$ hartina data teu homogén

(Arikunto, 2006: 322)

3) Uji Gain

Uji gain dilakukeun pikeun ngukur atawa ngabandingkeun rata-rata nilai pratés jeung postés. Dina nangtukeun nilai gain baris ngagunakeun tabél dina kaca satulunya.

4) Uji Hipotésis

Dina penelitian ékspérimén nu ngabandingkeun dua data hasil penelitian nya éta hasil pratés jeung postés, aya sawatara léngkah-léngkah anu kudu dilaksanakeun diantarana ieu di handap.

- a. Nangtukeun bédana méan tina pratés jeung postés, kalawan ngagunakeun rumus :

$$M = \frac{\sum d}{n}$$

- b. Néangan déviasi masing-masing subjék, kalawan ngagunakeun rumus:

$$xd = d - Md$$

- c. Néangan jumlah kuadrat déviasi, kalawan ngagunakeun rumus:

$$\sum X^2d = d.xd$$

- d. Ngabuktikeun hipotésis, kalawan ngagunakeun rumus:

$$\sqrt{\frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2d}{n(n-1)}}}}$$

(Arikunto, 2006: 306)

3.2 Variabel Panalungtikan

Variabel panalungtikan mangrupa objék panalungtikan atawa hal-hal anu diperhatikeun dina waktu panalungtik ngayakeun panalungtikan sangkan ngahasilkeun data anu akurat. Arikunto (2006: 126) nétélakeun yén anu dimaksud variabel panalungtikan nya éta objék panalungtikan atawa naon-naon anu jadi puseur panitén dina panalungtikan.

Ku sabab dina panalungtikan digunakeun métode kuasi ékspérimén jadi dina maluruh datana ngagunakeun variabel kuantitatif anu maluruh ngeunaan pangaruh tina salah sahiji perlakuan atawa *treatment* anu disebut variabel bébas jeung variabel kauger. Jadi, dina waktu panalungtik ngayakeun panalungtikan tangtuna bakal dipaluruh salah sahiji *treatment* anu disebut variabel bébas (*indevendent variable*) jeung variabel kauger (*devendent variabele*).

Dumasar kana pamadegan di luhur, bisa dicindekeun yén anu dijadikeun variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta média gambar hurup Kaganga anu mangrupa perlakuan tina hiji panalungtikan, sedengkeun anu disebut variabel kaugerna nya éta hasil diajar nulis jeung maca aksara Sunda siswa kelas X SMA Pasundan I Bandung.

3.3 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.3.1 Populasi Panalungtikan

Arikunto (2007: 130) nétélakeun yén anu dimaksud populasi nya éta sakabéh subjék anu aya dina panalungtikan. Jadi, populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas X di SMA I Pasundan Bandung.

Tabél 3.1
Daptar Populasi Panalungtikan

No	Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
1.	X ₁	31	13	44
2.	X ₂	17	22	39
3.	X ₃	22	19	41
4.	X ₄	22	22	44
5.	X ₅	27	19	46
6.	X ₆	23	20	43
7.	X ₇	20	23	43
8.	X ₈	22	18	40
9.	X ₉	21	24	45
10.	X ₁₀	29	19	48

3.3.2 Sampel Panalungtikan

Sampel nya éta bagian atawa wakil tina populasi anu ditalungtik (Arikunto. 2006: 109). Ku kituna, téhnik sampel anu digunakeun dina ieu

panalungtikan nya éta téhnik *purposive sample*, dumasar kana tinimbangan anu tangtu.

Dumasar kana téhnik *purposive sample*, anu sampel panalungtikan nya éta kelas X₇ anu mangrupa bagian tina sakabéh kelas X di SMA I Pasundan Bandung. Jumlah murid di kelas X₇ aya 43 urang, nya éta lalaki anu jumlahna 20 urang jeung awéwé anu julmahna 23 urang anu hasil tulisan jeung bacaanna mangrupa data anu satuluyna dijadikeun bahan panalungtikan, sangkan leuwih jelasna bisa dina tabél 3. 2 di handap.

Tabél 3.1
Data Siswa nu Dijadikeun Sampel Panalungtikan

No	NIS	Ngaran
1.	080910149	Agi WAnggraeni
2.	080910382	Amalia Mahmudah
3.	080910318	Anggi Andini P
4.	080910317	Anggi Dwi Putra
5.	080910298	Anna Marina A
6.	080910232	Annisa Wulandari
7.	080910077	Ariyansyah Wiguna
8.	080910120	Arief Prasetyo H
9.	080910434	Astry Chintia F
10.	080910124	Bukhari Farkhan
11.	080910433	Chaniza Rezki M
No	NIS	Ngaran
12.	080910198	Dara Eka Wanda S
13.	080910301	Destri Arianti
14.	080910047	Dini F Alhayati
15.	080910326	Fhadil Muhamad

16.	080910244	Gilang Maulana
17.	080910181	Hedi Herdiawan
18.	080910321	Hendra Setia Putra
19.	080910303	Indra
20.	080910360	Irma Resmawati
21.	080910083	Juni Adhriani
22.	080910296	Lucky Azi P.
23.	080910114	M. iqbal Fajari
24.	080910356	Maldi Maulana
25.	080910334	Muhamad Endry
26.	080910343	Nia Novayani
27.	080910359	Nisa Anza Kusumah
28.	080910270	Putri Azka Hurrin
29.	080910392	Ridha F. Dewi
30.	080910247	Rias Rianti
31.	080910320	Sheilla fathahila
32.	080910206	Sidiq Mutaqin
33.	080910076	Vina Pratiwi Sunadi
34.	080910425	Wendi Putra
35.	080910259	Wini Winarni
36.	080910224	Wine Eka Hildawati
37.	080910186	Yendri Ariatma
No	NIS	Ngaran
38.	080910279	Yuli Safitri
39.	080910278	Yuliani Carisca T.
40.	080910354	Yogi Ibrahim

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun instrumén tés. Tés anu dilaksanakeun téh dua rupa, nya éta tés kamampuh nulis aksara Sunda jeung tés kamampuh maca aksara Sunda.

3.4.1 Soal Nulis Aksara Sunda

Soal nulis aksara Sunda dina tés kamampuh nulis aksara Sunda kalawan ngagunakeun media gambar hurup Kaganga nya éta:

1. Bandung téh katelah ku sebutan Bandung kota kembang.
2. SMA Pasundan I Bandung alamatna di jalan Balong Gedé nomer 28.
3. Tanggal 9 April 2009 baris diayakeun pemilihan umum.
4. Dina ping 21 Februari sok dipiéling salaku poé basa indung.
5. Gubernur Propinsi Jawa Barat téh Bapa Ahmad Heriawan.
6. Pupuhu SMA Pasundan I Bandung téh bapa Wawan Herawan.

3.4.2 Soal Maca Aksara Sunda

Lian ti ngukur kamampuh nulis aksara Sunda, panalungtik ogé ngukur kamampuh maca aksara Sunda kalawan ngagunakeun média gambar hurup Kaganga. Soal dina maca aksara Sunda dibagi jadi genep bagian diantarana nya éta:

1. bn;duN thH ktelhH ku sebutn;
bn;duN kot kem;bN.

2. s;m;a psun;dn; 1 ban;duN almt;n d;I jl; bloN ge d n;Omer; 28.
3. tNgl; 9 ap;ril; /2009/ bris diaykn; pmilihn; Umum;.
4. din p;IN 21 feb;ruari sok; di pi li N slku po bs In;duN.
5. gubr;nur; p;ropin;si jw brt; th; bp ah;md; heriawn;.
6. pupuhu s;m;a psun;dn; 1 bn;duN th; bp wwn; herwn;.

1) Tés Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Sangkan katitén éfektif henteuna média gambar huruf Kaganga digunakeun dina pangajaran nulis aksara Sunda dilaksanakeun panalungtikan. Dina ieu panalungtikan digunakeun dua tés nya éta tés awal (pratés) jeung tés ahir (postés), dilaksanakeunana ku cara siswa nyalin tulisan dina wangun kalimah tina aksara Latén kana aksara Sunda kalawan teu ngagunakeun média gambar hurup Kaganga. Sedengkeun postés mangrupa tés ahir dina panalungtikan. Samémeh tés ahir atawa postés dilaksanakeun siswa dibéré matéri kalawan euyeub ngeunaan tata cara nulis aksara Sunda jeung dibéré pancén pikeun nyalin tulisan dina wangun kalimah tina aksara Latén kana aksara Sunda kalawan ngagunakeun

média gambar hurup Kaganga. Hal ieu dilakukeun sangkan katitén pangaruh média gambar hurup Kaganga kana pangajaran nulis aksara Sunda.

Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina waktu ngajén hasil gawé siswa sangkan luyu jeung aturan anu geus ditangtukeun. Hal-hal anu kudu diperhatikeun dina ngajén hasil nulis barudak nya éta nya éta dina tabél ieu di handap.

Tabel 3.2
Format Ngajén Kamampuh Nulis Aksara Sunda

No	Aspek nu diajén	Skala peunteun					Skor
		1	2	3	4	5	
a.	Luyu henteuna dina nulis aksara Sunda						
b.	Karapihan nulis aksara Sunda						
c.	Merhatikeun ukuran waktu nulis aksara kaganga jeung rarangkénnna						
d.	Merhatikeun bentuk aksara Sunda nu luyu jeung aturan.						
é.	Luyu henteuna ngalarapkeun rarangkénan aksara Sunda						

Keterangan :

- | | | | |
|----------------|---|---|-----------------|
| Skala peunteun | 5 | = | alus pisan |
| Skala peunteun | 4 | = | alus |
| Skala peunteun | 3 | = | sedeng |
| Skala peunteun | 2 | = | salahna saeutik |
| Skala peunteun | 1 | = | loba salah |

a. Luyu Henteuna dina Nulis Aksara Sunda

Aspék anu diajén dina luyu henteuna nulis aksara Sunda diantarana nya éta luyu dina nulis hurup aksara Sunda dina waktu nulis aksara Sunda. Skala peunteun dina luyu henteuna nulis aksara Sunda nya éta:

Peunteun 5 = alus pisan

Peunteun 4 = alus

Peunteun 3 = sedeng

Peunteun 2 = loba salah

Peunteun 1 = salahna saeutik

b. Karapihan Nulis Aksara Sunda

Aspék anu diajén tina karapihan nulis nya éta merenah dina nulis, jeung rapih dina tulisanana. Skala peunteun karapihan nulis aksara Sunda nya éta:

Peunteun 5 = alus pisan

Peunteun 4 = alus

Peunteun 3 = sedeng

Peunteun 2 = salahna saeutik

Peunteun 1 = loba salah

c. Merhatikeun Ukuran dina Nulis Aksara Sunda jeung Rarangkén nu Luyu jeung Aturan.

Nulis aksara Sunda kudu apik, nya éta nu nulis kudu merhatikeun Merhatikeun ukuran aksara Sunda nu luyu jeung aturan. Skala peunteun dina nangtukeun ipis kandelna dina nulis hurup Kaganga nya éta:

Peunteun 5 = alus pisan

Peunteun 4 = alus

Peunteun 3 = sedeng

Peunteun 2 = salahna saeutik

Peunteun 1 = loba salah

d. Merhatikeun Bentuk Aksara Sunda nu Luyu jeung Aturan.

Nulis aksara Sunda kudu apik, nya éta nu nulis kudu merhatikeun Merhatikeun bentuk aksara Sunda nu luyu jeung aturan. Skala peunteun dina nangtukeun ipis kandelna dina nulis hurup Kaganga nya éta:

Peunteun 5 = alus pisan

Peunteun 4 = alus

Peunteun 3 = sedeng

Peunteun 2 = salahna saeutik

Peunteun 1 = loba salah

d. Tata Cara Nulis Aksara Sunda nu Luyu jeung Aturan

Tata cara nulis aksara Sunda nu luyu jeung aturan salah sahiji hal anu kudu diajén. Skala peunteun dina ngajén ukuran jeung bentuk aksara Sunda nya éta:

Peunteun 5 = alus pisan

Peunteun 4 = alus

Peunteun 3 = sedeng

Peunteun 2 = salahna saeutik

Peunteun 1 = loba salah

é. Luyu Henteuna Ngalarapkeun Rarangkén dina Aksara Sunda

Aspék anu diajén dina nulis aksara Sunda nya éta bisa ngalarapkeun rarangkén aksara Sunda, diantarana nya éta panghulu, pamepet, paneuleung, panglayar, panyecek, panyuku, panyakra, panyiku, penéleng, panolong, pamingkal, pangwisad, jeung pamaéh patén. Skala peunteunna ngalarapkeun rarangkén aksara Sunda nya éta:

Peunteun 5 = alus pisan

Peunteun 4 = alus

Peunteun 3 = sedeng

Peunteun 2 = salahna saeutik

Peunteun 1 = loba salah

2) Tés Kamampuh Maca Aksara Sunda

Tés kamampuh maca aksara Sunda dilaksanakeun sangkan katitén éfektif henteuna média gambar hurup Kaganga digunakeun salaku média pangajaran maca aksara Sunda. Ku kituna, dina ieu panalungtikan digunakeun dua tés, nya éta tés awal (pratés) jeung tés ahir (postés). Prak-prakanana, siswa saurang-saurang dititah maca aksara Sunda dina wangun kalimah kalawan henteu ngagunakeun média gambar hurup Kaganga. Sedengkeun postés mangrupa tés ahir dina prosés panalungtikan, tujuanna sangkan katitén pangaruh média gambar hurup Kaganga kana kaparigelan maca aksara Sunda. Postés dilaksanakeun ku cara siswa maca aksara Sunda dina wangun kalimah kalawan henteu ngagunakeun média gambar hurup Kaganga. Ku kituna, aya sawatara hal anu kudu diperhatikeun dina waktu siswa maca aksara Sunda sangkan luyu jeung aturan anu geus ditangtukeun. Hal-hal anu kudu diperhatikeun dina ngajén kamampuh maca siswa aya dina tabél di handap.

Tabel 3.3
Format Ngajén Kamampuh Maca Aksara Sunda

No	Aspek nu diajén	Skala peunteun					Skor
		1	2	3	4	5	
a.	Bener dina maca aksara Sunda						
b.	Bener dina ngalarapkeun rarangkén dina waktu maca aksara Sunda.						
c.	Lapal						
d.	Intonasi (lentong, tekanan, jeda, jeung wirahma)						

Keterangan :

Skala peunteun	5	=	alus pisan
Skala peunteun	4	=	alus
Skala peunteun	3	=	sedeng
Skala peunteun	2	=	salahna saeutik
Skala peunteun	1	=	loba salah

a. Bener dina Maca Aksara Sunda anu Luyu jeung Aturan

Aspék anu diajén dina bener maca aksara Sunda diantarana nya éta bener dina maca hurup aksara Sunda. Skala peunteun dina maca aksara Sunda anu bener nya éta:

Peunteun	5	=	alus pisan
Peunteun	4	=	alus
Peunteun	3	=	sedeng
Peunteun	2	=	salahna saeutik
Peunteun	1	=	loba salah

b. Bener dina Ngalarapkeun Rarangkén Waktu Maca Aksara Sunda.

Aspék anu diajén dina waktu maca aksara Sunda nya éta bisa ngalarapkeun rarangkén dina aksara Sunda, nya éta panghulu, pamepet, paneuleung, panglayar, panyecek, panyuku, panyakra, panyiku, penéleng, panolong, pamingkal, pangwisad, jeung pamaéh patén. Skala peunteun dina ngalarapkeun rarangkén waktu maca aksara Sunda nya éta:

Peunteun 5 = alus pisan

Peunteun 4 = alus

Peunteun 3 = sedeng

Peunteun 2 = salahna saeutik

Peunteun 1 = loba salah

c. Lapal

Lapal atawa ucapan (artikulasi) mangrupa hal anu kudu diajén dina waktu maca aksara Sunda. Skala peunteun dina ngajén lapal atawa ucapan aksara Sunda nya éta:

Peunteun 5 = alus pisan

Peunteun 4 = alus

Peunteun 3 = sedeng

Peunteun 2 = salahna saeutik

Peunteun 1 = loba salah

d. Intonasi (lentong, tekanan, jeda, jeung wirahma)

Intonasi (lentong, tekanan, jeda, jeung wirahma) mangrupa salah sahiji hal anu kudu diajén dina waktu maca aksara Sunda. Skala peunteun dina ngajén intonasi (lentong, tekanan, jeda, jeung wirahma) nya éta:

Peunteun 5 = alus pisan

Peunteun 4 = alus

Peunteun 3 = sedeng

Peunteun 2 = salahna saeutik

Peunteun 1 = loba salah

